# Занятие профсоюзного кружка
# ППО МБДОУ «Детский сад №1 «Радуга»

**Тема занятия:**

**«Ненан мотт – дахаран хазна».**

**Цели занятия:**

1. **Рассмотрение вопросов, связанных с развитием чеченского языка в связи с объявлением Года чеченского языка.**
2. **Ознакомить слушателей с особенностями родного языка.**

**Руководитель кружка: Шамсуев А.А. – председатель ППО.**

**Ведет занятие: Шамсуев А.А. – председатель ППО.**

**25.01.2023 г.**

# Протокол № 1

**кружкового занятия ППО МБДОУ «Детский сад №1 «Радуга»**

**от 25.01.2022 г.**

**Тема занятия.**

**«Ненан мотт – дахаран хазна».**

**Цели занятия:**

1. **Рассмотрение вопросов, связанных с развитием чеченского языка в связи с объявлением Года чеченского языка.**
2. **Ознакомить слушателей с особенностями родного языка.**

**Слушали: выступление**

**Шамсуева А.А. – председателя ППО.**

**по теме «Ненан мотт – дахаран хазна».**

**Выводы:**

Данный вопрос был очень актуален в связи с объявленным в нашей Республике Годом чеченского языка. После обмена мнениями все пришли к выводу, что занятие было очень информативным и полезным. На занятии кружка присутствовали 8 слушателей,
2 слушателя отсутствовали по уважительной причине.

Далее председатель ППО Шамсуев А.А. подвел итоги кружкового занятия.

**Материалы для ведения занятия:**

**1.Доклад.**
**2.Фотоотчет**
**прилагаются к протоколу № 1 кружкового занятия от 25.01.2023 г.**

**Председатель ППО МБДОУ «Детский сад №1 «Радуга»**

**______________ / Шамсуев А.А. /**

# Доклад

**«Ненан мотт – дахаран хазна».**

Лераме белхан накъостий т1едеана 2023 шо вайн махкахь д1акхайкхина нохчийн меттан шо ду аьлла. Иза ч1ог1а мехала г1уллакх ду. Вайн мотт 1алашбан беза вай, лара беза.

Бевзаш болчу оьрсийн яздархоша, поэташа, кхечу къаьмнийн а цхьаьна, 1илманчаша хестийна вайн къоман мотт, и хесто хьакъ болу дела. Эвлаяаша а, динан дайша а, бусалба дин даржочу муьрехь, цу динан бакъо а, нийсо а юьйцуш, нохчийн маттахь бина нахана шайн хьехамаш.

Нохчийн Республикин Конституци т1ехь билгалдаьккхина ду нохчийн мотт а, оьрсийн мотт а, цхьатерра бакъонаш а йолуш, пачхьалкхан мотт бу, аьлла. Стага, шен къоман мотт и безаш велахь, лоруш велахь, шен мотт бийца хууш велахь, шен къам ша ларар а, цу къоман яхь йолуш волу стаг ша хилар а гойту. Нохчийн меттан говзанча вара Нохчийн Республикин хьалхара Президент хилла волу, Россин Турпалхо Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Нохчийн мотт а буьйцуш, кхетийра цо вайн нохчийн къам т1еман къизачу шерашкахь, нийса некъ вайн къомана гойтуш. Иштта, нохчийн матте шен ден хилла боллу ларам болуш, меттан сий-пусар деш, схьавог1уш ву Нохчийн Республикин Куьйгалхо волу, Россин Турпалхо Кадыров Рамзан. Ч1ог1а мехала дара цо шен куьйгаца оханан беттан 25-г1а терахь «Нохчийн меттан де» аьлла яздина указ.

Цхьана а деших, ахчанах эца а, терзанца оза а йиш йоцу хазна ю ненан мотт. Дуьненан къаьмнех вай къасториг а, вайх къам дийриг а – иза нохчийн мотт бу. Цунах доьзна ду вовшийн уьйраш, гергарло, хазахетар, халахетар, халкъан сий, къонахчун яхь, адамаллин хьекъал, кхетам… Халкъан кица ду: «Мотт у-къам ду, мотт бацкъам дац». Ненан маттал деза хIума хила йиш яц къоман кхолламехь, хIунда аьлча, мотт байна къам дуьненан букъ тIера дIадов. Даймохк а ца буьсу цуьнан – къоман бен хуьлуш бац Даймохк. Ткъа къам матто латтош ду. Ненан маттахь долу йоза-дешар ца хаахь – иза доккха сакхт ду. Халахеташ делахь а, и санна сакхт долуш берш вайна юккъехь хIинца а хаалуш бу. Стаг мел оьздангалла, гIиллакх долуш я лакхарчу даржехь хиларх ненан мотт кхоччуш ца хаахь цуьнан мах хадабойла дац. Нийса ца лоь аьлла хета нохчийн мотт къен бу, бийца хала бу олуш хезча. шен син кхача лоруш волчунна цкъа а хилла бац бийца хала я чолхе. Къайле яц, нохчийн мотт сийлахь-баккхийчу Iилманчаша, яздархоша шена тIе тидам бахийтарца теллина а, хьалдолуш лерина а хилар.

Мотт вай лар ца бахь, цуьнан сий ца дахь, вайн къоман сий а дужур ду. Ненан мотт хIора къоман а, хIора халкъан а культурин бух хиларе терра, иза мелла а кIорггера дика Iамор вайн хIоранна а декхар ду. Оцу хьокъехь нийса яздина ненан маттах лаьцна яздархочо К.Паустовскийс хIара дешнаш: «ХIора стеган, а шен маттаца йолчу юкъаметтиге хьаьжжина, цуьнан культурин барам къастийна ца Iаш, цуьнан граждански мехалла кхоччуш нийса къасто мегар ду. Шен махке бакъ болу безам хила йиш яц матте безам боцуш. Муьлхачу а къоман коьрта билгало а, къам шен амалх, гIиллакхех, эхь-бехках, Iадатех ца долуьйту мокхазан чIагIо а ю мотт. Цунах херделла адам, лакхахь хьахийначу сийлаллех хер ца луш ца дуьсу. Ткъа мотт бицбинчо шен кхерч, ша схьаваьлла бух, дайн мохк бицбо. Цунна шен селханлера де а, кханенга боьду некъ а ца хаьа. Цундела ларамаза дац вай тахна дуьйна Iадаташ, эхь-бехк, ийман меттахIоттор ненан мотт кхиорна, марзбарна тIера дIадоло деза дахар а. ГIиллакх, оьздангалла, юьхь-яхь йовзуьйту цхьаъ бен боцу гIирс бу иза.

Нохчийн мотт – иза деккъа йоза-дешар хилла ца Iа. Ненан мотт-и гIиллакх ду, культура ю, тезет лелор, зуда ялор йигар ду, илли, литература, ловзар-синкъерам бу, халкъан юьхь, куьзга, хатI-амал ю. И мотт вайн ца хилахь, орам боцчу диттах тарлур ду вайн къам, я пачхьалкхе а хир яц. Ненан маттал деза хIума стеган дахарехь хуьлийла дац. Иза Iамор а, цунна богIуш болу тидам тIебахийтар а – иза вайн нохчийн коьрта декхар ду. Масала: литературин урокашкахь дешархошка шайга

бойтуш болу болх вовшахтохар – иза йоза-дешар Іаморан уггаре а мехалчу гІуллакххех цхьаъ ду. Дешархоша шаьш бечу балхо кхочушдо программни материал жигара караерзор, берийн хьекъал, кхетам, тидам бар кІаргдо, лакхадоккху. Л.Н.Толстойс цу хьокъехь Іаламат нийса аьлла: «Нагахь дешархо школехь ша ойла ян, хІума а кхолла Іамийна вацахь – иза дахарехь а даима дуьххьалдІа кхечарах тарва ла гІерташ, кхечо динарг дан гІерташ хир ву». Нохчийн меттан, литературин хьехархойн декхар ду программа юьззина караерзоре кхаьчна ца Іаш, дешархошна ойла ян, шен дагахь дерг нийса, гІиллакхийн рагІ ларъеш, уьш вовшашца цхьаьнадузуш дийца а, яздан а. Литературин урокашкахь билгала йолчу Іалашонца, кІорггера кхио еза дешархошлахь дика ойланаш, гІиллакхоьздангалла, дуьнене хьежам, шен къоме, шен халкъе, Даймахке болу безам, доттагІалла. Муьлхха а цивилизованни къам, пачхьалкх беа богІам тІехь лаьтта – дешарна, могашаллина, культурина, экономикина.

Х1ора доьзалехь нохчийн мотт бийцаре терра бен, цуьнан сий-пусар даре терра бен, вайн къоман г1иллакхаш, 1адаташ, оьздангалла, халкъан ламасташ, къоман истори ларлур яц вайга. Эзарнаш шерашкахь вайн мотт а ларбеш, цунах дозалла а деш, и бийца а буьйцуш хилла болчу вай дайшна, наношна, нохчийн 1илманчашна, яздархошна, динан дайшна хьалха доккхачу декхарийлахь ду вай тахана, вешан мотт а болуш, нохчийн къам хиларна. Къоман дахарехь хала мур т1ех1оьттича, вайн къам цу халонашка, баланашка эша ца дайтинарг вайн мотт бу.
Дуьне мел лаьтта, вайн къоман хаза г1иллакхаш массо а къаьмнашна довзуьйтуш, кхуьуш, хазлуш, доттаг1аллин, гергарлонийн, уьйрийн мотт хилла, бехийла вайн нохчийн мотт.

**Фотоотчет**



**Руководитель профсоюзного кружка _______________ / Шамсуев А.А. /**